ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
НӨКИС ҚАЛАСЫ ҲӘКИМИНИҢ

Ш Е Ш И М И

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ
НУКУС ШАҲАР ҲОКИМИНИНГ

ҚАРОРИ

Нөкис қаласы, А.Досназаров көшеси, 96 | Нукус шахри, А.Досназаров кўчаси, 96

№ 05/01-03 «10» 01 2018-ж.й

Қаладағы аўыл хожалығы, жол-курылыс, мелиоратив техникаларын ҳәм трактор тиркемелерин, устаҳана ҳәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин мәжбүрий техникалық көриктен өткериў ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлигинен 2019-жыл 25-апрельде 2452-сан менен дизимен өткерилген «Аўыл хожалығы, мелиоратив ҳәм машина-трактор парклери, устахана ҳәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин техникалық көриктен өткериў ҳаққында»ғы Реже (Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2013 йил, 17 сон, 229 модда) талапларынан келип шығып, қала аймағындағы 2018-жыл аўыл хожалығы, жол-курылыс, мелиоратив, устахана ҳәм сервис пунктлери әсбап-үскенелерин мәжбүрий техникалық көриктен өткериў мақсетинде «Маҳаллий давлат ҳокимияти тўғрисидаги «Жергиликли мәмлекет ҳакимият ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Нызамының 6-статьясына тийкарланып,

ҚАРАР ЕТЕМЕН:

1.Қала аймағындағы мүлкшилик түриниң қәлеген формасындағы юридикалық ҳәм жеке шахсларға тийисли болған ҳәм қала, аўыл хожалығы техникалары бойынша мәмлекетлик инспекциясынан белгиленген тәртипте дизимнен өткизилген аўыл хожалығы, жол-курылыс, мелиоратив техикалары, сондай-ақ, машина-трактор парклери, устахана ҳәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин:

-техникалық көриктен өткизиў қалалық комиссия курамы 1-косымшаға;

-техникалық көриктен өткизиў графиги 2-косымшаға муўапық тастыйықлансын ҳәм техникалық көриктен өткизиў көрсетилген мүддетлерде техникалық көриктен өткизилсин.

2. Техникалық көриктен өткизиўши қалалық комиссиясына:

-мүлкшилик түриниң қәлеген формасындағы юридикалық ҳәм техникалық көриктен өткизиў қалалық комиссия жеке шахсларға барлық маркадағы аўыл хожалығы, жол-курылыс, мелиоратив техникалары, сондай-ақ, машина-трактор парклери, устахана ҳәм сервис пунктлерине әсбап-үскенелерин техникалық көриктен өткизиў графигин жеткизиў;

- техникалық көриктен насаз деп табылған ҳәм техникалық көриктен улыўма бас тартқан техника ийелерине қатаң түсиндириў, жыйналған

материалларды белгиленген тәртипте тийисли шара көриў мақсетинде қала прокуратурасына жибериў;

-техникалық талапларға жуўап бермейтуғын насаз техникалардың ислеўине қатаң тыйым салыў;

- техникалық көрик барысында аўыл хожалығы, жол-курылыс, мелиоратив техникалары, сондай-ақ, машина-трактор парклери, устахана ҳәм сервис пунктлерине әсбап-үскенелериниң мәўсимге таярлығы ҳәр бир тракторшы-машинисттиң тийисли техниканы басқарыў ҳүжжетиниң барлығы, техникалардың белгиленген тәртипте техникалық дизимнен өткенлиги ҳәм басқада техникалық талапларды әмелге асырыў;

-техникалық көриктен өткен техникаларды дәлалатнамалар тийкарында ислеўге рухсат бериў ўазыйпалары жүклетилсин.

3.Қала аймағындағы барлық кәрханалар ҳәм оларға хызмет көрсетиўши кәрхана, шөлкем, банклер басшыларына ҳәмде мәкан пуқаралар жыйыны ақсақалларына:

-балансында бар болған трактор, ауыл хожалығы, жол-қурылыс, мелиоратив техникалары, сондай-ақ, машина-трактор парклери, устахана ҳәм сервис пунктлерине әсбап-үскенелериниң өз мүддетлеринде техникалық көриктен өткизиўге таярлаў;

-техникалық көриктен өткериў төемлериниң өндирилиўин тәмиийнлеў;

-тракторшы-машинистлерди медициналық көритен өткериў ҳәмде олардың мағлыўматнамаларын комиссияға усыныў;

-ҳәр бир мәкан пуқаралар жыйыны өз аймағындағы меншик техникалардың техникалық көриктен өткерилиўин шөлкемлестириў ўазыйпалары жүклетилсин.

4.Қала ҳәкиминиң экономика ҳәм социаллық раўажландырыў ислери бойынша биринши орынбасары А.Ибрагимовқа:

-қала аймағындағы барлық кәрханалар ҳәм жеке пуқаралардың техникаларын техникалық көриктен өткериў менен байланыслы болған экономика ҳәм социаллық мәселелерде, әсиресе, төлемлериниң өндирилиўине әмелий жәрдем бериў тапсырылсын.

5. Бул шешим қалалық «Нөкис ҳақыйқаты» газетасында рәсмий жәриялансын ҳәм ҳәкимликтиң рәсмий веб-сайтында жайластырылсын.

6. Нөкис қаласы ҳәкиминиң 2017-жыл 23-январь күнги 05/01-17-санлы шешими өз күшин жойтқан деп есапланысын.

7. Қарардың орынланыўын қадағалаў қала ҳәкиминиң биринши орынбасары А.Ибрагимовқа жүклетилсин.

8. Усы қарар рәсмий жәрияланған күнинен күшине киреди.

Нөкис қаласы ҳәкими ў.ў.а **П.Турешев**